

# Enfòmasyon pou Pasyan



**Ki Pral Sibi yon Pwosedî  
Pandan Pandemi COVID-19 la**



Mount Sinai Health System  
angaje l pou l asire sekirite  
pasyan ak anplwaye nou yo.  
Nou rekonèt ke w ka santi w  
sou tansyon poutèt wap vini  
nan yon lopital oswa nan yon  
klinik doktè e nou vle asire w  
ke nap fè tout efò posib pou  
nou kenbe w an tout sekirite  
avan, pandan ak apre vizit ou  
lakay nou.

Aktyèlman yo pwograme pou fè  
operasyon w lan nan dat ak nan lè  
yo te planifye a, men nap mande  
w pou rete fleksib akòz sitiyasyon  
an ap kontinye chanje epitou nap  
travay ak ou si nou gen pou nou fè  
kèk chanjman.



### Kisa mwen ka fè pou mwen rete san danje avan ak apre pwoesi a?

Li enpòtan anpil pou w pran prekosyon  
swivan yo depi sa posib nan 14 jou  
anvan ak apre pwoesi w la. Men kèk  
nan etòd prevansyon ki pi senp yo e ke  
lasyans pwouve:

- Fè doktè w konnen touswit si w te gen  
nenpòt kontak ak yon moun yo sispièk  
oswa yo konfime ki gen COVID-19 oswa  
ak yon moun ki gen sentòm ki sanble  
ak sentòm COVID-19 yo, oswa si w  
devlope nenpòt sentòm ki sanble ak  
sentòm COVID-19 yo, oswa si rezulta  
tès ou pozitif pou COVID-19
- Pami sentòm yo, genyen: tous,  
lafyèv (plis pase  $>100^{\circ}\text{F}$ ), souf  
kout, doulè nan tout kò a, frison,  
fatig jeneral, ak vin pa kapab  
pran gou oswa odè
- Distans sosyal de omwen sis pye (2 mèt)  
ant oumenm ak lòt moun, lè sa posib
- Minimize entèraksyon ak lòt moun  
eksepte lè sa nesesè
- Evite nenpòt kontak pre ak moun ki  
malad ki gen sentòm COVID-19
- Lave oswa dezenfekte men yo souvan  
pandan omwen 20 segonn achak fwa,  
sitou avan ak apre manje, avan ak apre w



fin manyen figi w oswa nen w, epi avan ak apre w mete ak retire mask oswa pwoteksyon pou figi yo

- Fè moun kap ba w swen yo sonje pou yo lave men yo (pa egzanp, avan yo chanje pansman chirijikal la)
- Netwaye regilyèman ak souvan sifas moun manyen toutan yo (pa egzanp, manch pòt ak twalèt yo)
- Toujou mete yon mask pou figi oswa yon twal pou kouvri nen ak bouch ou lè w andeyò lakay ou

### **Èske mwen ka gen yon moun ki vini avèk mwen lè mwen pral fè pwosedi a?**

Ou ka fè yon moun mennen w ak vin chèche w pou pwosedi w la. Vizitè yo pa ka rete pandan pwosedi yo ni nan sal reyanimasyon an, sòfsi se pou akouchman, swen pedyatri, ak pasyan ki gen defisyans entelektyèl, devlopmantal oswa koyitif. Pou jwenn plis detay sou politik pou vizitè nou an, ale nan <https://www.mountsinai.org/about/safety-hub/patients/visit>. Tanpri asire w ke ou bay non ak nimewo telefòn yon moun konsa nou ka kontakte moun sa a pou diskite sou eta w ak pwogrè wap fè.

### **Èske se pou mwen mete yon mask/pwoteksyon pou kouvri figi?**

Tout pasyan fèt pou mete yon pwoteksyon pou kouvri figi yo pandan yo nan etablisman Mount Sinai yo. Si ou vini san w pa gen yon pwoteksyon pou kouvri figi, nap ba w yon mask chirijikal pou mete.

### **Èske se pou mwen enkyete m dèské mwen ka bò kote moun ki gen COVID-19 lè mwen vini nan Mount Sinai?**

Nou mete pasyan ki teste pozitif pou COVID-19 yo nan yon seksyon apa pou limite risk kontak ak viris la pou lòt pasyan yo.

### **Kisa nap fè pou nou minimize risk pou mwen trape COVID-19 pandan mwen nan Mount Sinai?**

Mount Sinai ap kontwole deprè sitiyasyon sa a e li mete mezi pwoteksyon anplas pou diminye pwopagasyon COVID-19 la. Men sa nap fè pou nou kenbe pasyan ak anplwaye yo san danje:

- Nou kontinye dezenfekte regilyèman tout zòn yo ak sifas moun manyen souvan yo
- Nou egzije pou tout pasyan ak anplwaye yo mete pwoteksyon pou kouvri figi yo
- Nou respekte pwotokòl pou distans sosyal (kenbe yon distans sis pye [2 mèt])
- Nou pral fè depistaj pou sentòm COVID-19 pou tout pasyan. Nou pral refere pasyan ki gen sentòm yo kote pou yo ale pran swen awopriye.
- Nap fè tès pou anplwaye nou yo pou konnen si yo te ekspoze a COVID-19
- Nap emplante pratik izolman ki byen estrik pou separe pasyan COVID-19 yo ak lòt yo



## **Poukisa wap fè tès depistaj ak/oswa tès pou mwen pou COVID-19 byenke mwen pa gen okenn sentòm?**

Nou vle pou nou fè operasyon w lan nan kondisyon ki gen leplis sekirite posib pou nou ba w pi bon chans pou w retabli ansante. Li posib ke yon moun kapab gen COVID-19 menmsi moun sa a pa gen okenn sentòm. Doktè w la pral pale avèk ou sou kijan yo pral fè tès COVID-19 pou ou anvan operasyon w lan. Yo pral fè depistaj pou ou tou pou sentòm COVID-19 yo lè w rive pou fè pwosedi a.



## **Kijan fanmi mwen/moun kap banm swen an ka ede kenbe m san danje avan ak apre pwosedi mwen an?**

Pandan faz retablisman apre operasyon an, aksyon ak konpòtman moun ki pwòch ou yo kritik anpil. Si yo gen nenpòt sentòm

COVID-19, fòk yo izole tèt yo epi fòk yo ale pran swen medikal. Tout moun fèt pou konsantre yo sou ijjyèn men (utilize savon ak dlo oswa dezenfektan pou men), distans sosyal, mete yon mask lè yo andeyò lakay yo, epi evite kontak ak nenpòt moun ki ka malad ak sentòm COVID-19 yo.

Enfòmasyon sa a se enfòmasyon ki anplis de enstriksyon doktè w la ba ou yo pou ede w prepare pou pwosedi a ak retabli w apre pwosedi a. Doktè w la disponib pou reponn nenpòt lòt kesyon ou ta genyen konsènan pwosedi w la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19, tanpri ale sou sitwèb nou an:

[www.mountsinai.org/about/safety-hub](http://www.mountsinai.org/about/safety-hub)

Enfòmasyon yo ka chanje dapre dènye enfòmasyon ki soti nan Sant pou Kontwòl Maladi (CDC), nan Depatman Sante Eta New York, ak nan lòt sous. **Aktyalize: 25 jan 2020**